



Pou Piblikasyon Imedyat: 2 novanm 2011

GOUVÈNÈ CUOMO LANSE PWOGRAM POU ANKOURAJE AMELYORASYON NAN PÈFÒMANS ELÈV YO

Pwogram Konpetitif pou bay Rekonpans ap Kontinye Travay Gouvènè a pou Transfòme Sistèm Edikasyon Eta a

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse lansman pwogram School District Performance Improvement Awards (Rekonpans pou Amelyorasyon Pèfòmans Distri Lekòl la). Pwogram sa a deziyen pou transfòme sistèm edikasyon Eta New York. Pou fè sa, pwogram nan ap ankouraje siksè elèv yo, epitou l ap ankouraje distri lekòl yo pou aplike refòm tounèf pou amelyore pèfòmans elèv yo.

Y ap bay rekonpans pou pèfòmans pou distri lekòl nan eta a ki montre pi plis siksè nan ogmantasyon pèfòmans elèv yo, pou diminye diferans nan siksè elèv yo, epitou pou ogmante pèfòmans akademik pami elèv ki gen pi plis bezwen edikasyonèl yo. Rekonpans yo ap disponib tou pou distri lekòl ki montre pi gwo posiblite pou kontinye amelyore nan pèfòmans elèv yo. Y ap distribiye jiska \$ 75 milyon dola sou pwochen twa (3) ane, epitou y ap distribiye lòt rekonpans nan ane k ap vini yo. Distri ki pa resevwa rekonpans yo kalifye pou re-aplike.

Pou kounye a, èd pou edikasyon an distribiye sitou sou fòm sibvansyon ki baze sou fòmil san prim oswa kondisyon pèfòmans. Pou transfòme sistèm edikasyon eta a, Gouvènè Cuomo te kreye nan premye Bidjè Egzekitif li de (2) pwogram rekonpans konpetitif ki baze sou pèfòmans lekòl yo pou ankouraje pèfòmans elèv yo ak efikasite nan kontwòl.

Gouvènè Cuomo di konsa, “New York dwe se premye eta nan refòm edikasyon an, epitou sa kòmanse avèk amelyorasyon pèfòmans nan tout nivo yo. Pandan twòp ane, eta nou an te depanse plis lajan ofi-amezi nan edikasyon, san li pa jwenn rezilta elèv nou yo merite. Pwogram rekonpans konpetitif sa a ap ankouraje refòm tounèf nan distri lekòl yo ki toupatou nan eta, k ap nan avantaj elèv yo, epitou k ap ede edike elèv yo pou mache travay demen an. Angajman New York pou elèv li yo se pa gen parèy, epitou n ap kontinye devlope sistèm edikasyon eta a nou yon fason pou chak elèv kapab resevwa yon edikasyon kalite siperyè.”

Lekòl leta New York yo depans plis lajan pou chak elèv pase lekòl ki nan nenpòt lòt eta. Epoutan, nan evalyasyon pèfòmans elèv yo, New York klas 40yèm sou plan nasyonal nan kantite elèv ki gradye yo, ak 34yèm sou plan nasyonal nan pousantaj adilt ki gen yon diplòm lekòl segondè oswa ekivalan an.

Anons jodi a lanse pwogram pou ankouraje pèfòmans elèv yo. Pwogram pou efikasite kontwòl la ap lanse nan semèn k ap vini yo.

Dirijan Majorite Sena a, Dean G. Skelos di konsa, “Ane pase, mwen te travay ansanm avèk Gouvènè Cuomo pou jwenn fason pou amelyore sistèm edikasyon New York pandan m ap toujou sonje demann difisil klima fiskal nou ye a. Pandan n ap kontinye travay sou refòm edikasyon ki trè nesèsè yo, elèv nou yo ap toujou reprezante priyorite prensipal la.”

Pòtpawòl Asanble Sheldon Silver di konsa, “Timoun nou yo merite yon kalite edikasyon avanse, epitou plis resous ap ede diminye diferans nan siksè pou amelyore pèfòmans elèv yo. Mwen te toujou yon bon defansè pou pwogram edikasyonèl ki nan avantaj elèv nou yo, epitou mwen kontan poutèt Gouvènè Cuomo gen menm objektif avèk nou, epitou poutèt li konnen timoun nou yo merite yon kalite edikasyon avanse.”

Y ap akòde sibvansyon yo yon fason ki konfòm avèk yon pwosesis konpetitif, y ap revize aplikasyon yo, epitou yon komite evalyasyon espè bay nòt pou sa. Distri lekòl yo ap resevwa nòt selon ogmantasyon nan pèfòmans ak siksè elèv yo nan egzekisyon pwogram tounèf yo pou ogmante pèfòmans elèv yo tankou modèl pou amelyore ak ogmante pèfòmans elèv lekòl pre-segondè yo, pwogram pou nivo kolèj oswa pou nivo kolèj bonè, admisyon nan kolèj, epitou pwogram fòmasyon nan edikasyon pwofesyonèl ak teknik.

Distri lekòl yo dwe soumèt aplikasyon yo nan Depatman Edikasyon Eta a anvan 17 janvyè 2012, epitou y ap anonse premye seri rekonpans yo ak akòde pandan ane akademik 2011-2012 la.

Gen plis enfòmasyon ak aplikasyon distri lekòl ki disponib la a:

<http://www.p12.nysed.gov/funding/2012-15perfimp/>

###

*W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418*